

## Atansyon: Revandè SNAP EBT ki Toupre Fwontyè Kalifòni ak Oklahoma

### Talè konsa, Kalifòni ak Oklahoma ap gen Kat SNAP EBT ki gen Chip ak opsyon pou Tape

Ou resevwa mesaj sa a paske ou se yon revandè SNAP yo otorize nan yon Eta ki sou fwontyè Kalifòni (CA) oswa Oklahoma (OK). Paske eta sa yo pral toutalè emèt kat SNAP EBT ki gen chip pou kliyan yo, revandè yo dwe prepare pou aksepte kalite kat sa a.

Kat sa yo:

- Pap mache nan pwen lavant (POS) revandè a san yon mizajou ki apwopriye.
- Bann mayetik la ap sèvi kòm yon opsyon retou, men li enpòtan pou revandè yo asire ke sistèm POS yo ka pèmèt kat SNAP EBT ki gen chip yo sèvi ak bann mayetik la kòm retou jiskaske sistèm yo sipòte kat chip SNAP EBT a konplètman. Sa a rele retou nan lis kandida vid (ECL).

### Konsènan Peman Kat Chip SNAP EBT

- Pou asire ke kliyan CA/OK SNAP yo kapab kontinye itilize benefis yo nan magazen ou, li enpòtan pou prepare magazen an pou aksepte peman avèk kat chip SNAP EBT yo.
- Ou pa oblije aksepte peman EBT tap kounye a, men yo ankouraje l anpil.
- Lè w ap fè tranzaksyon ak Chip oswa Tap, yo toujou mande pou ou antre PIN moun ki gen kat la nan pwen vant lan.

### Ou ta dwe pran Etap sa yo touswit

1. Pou asire ke sistèm POS ou a kapab jere kat chip SNAP EBT yo kòm yon 'fallback' pou tranzaksyon ak bann mayetik, li esansyèl pou kontakte founisè sèvis POS ou JODIA. Ou ka jwenn plis detay pou founisè POS ou isit la: <https://www.fns.usda.gov/snap/ebt/modernization>
2. Pou konplètman sipòte kat chip SNAP EBT yo, mande Founisè Sèvis POS ou a mete ajou POS ou a.
3. Enfòme founisè POS ou a ke kat chip SNAP EBT yo pral itilize:
  - Estanda chip EMV yo
  - Tou de koòdone kontak sèlman ak doub koòdone
  - Nouvo Idantifikasyon Aplikasyon EBT a (AID): A0000000044542
  - Kòd sèvis 220 sou track II nan bann mayetik la.

Si founisè sèvis POS ou bezwen plis enfòmasyon sou sipòte kat chip SNAP EBT yo, di yo pou kontakte Pwosesisè Twazyèm Pati (TPP) yo

## Etap ou dwe suiv apre ou konfime oswa aktive retou ECL la sou aparèy oswa sistèm POS ou a.

- FNS ap mande revandè yo pou yo rapòte aplikasyon Retou ECL ki reyisi yo sou sitwèb SNAP EBT a nan Sant Asistans Teknik Modènizasyon an (SEMTAC): <http://www.semtac.org/ECLReadinessCheck>

## Etap ou ta dwe pran apre yo mete ajou aparèy oswa sistèm POS ou a pou aksepte konplètman kat Chip EBT SNAP yo

- FNS ap mande revandè yo pou rapòte kapasite yo pou aksepte konplètman kat EBT ki gen chip sou sitwèb SNAP EBT nan Sant Asistans Teknik pou Modènizasyon(SEMTAC): <http://www.semtac.org/FullChipReadinessCheck>

### Remak sou Rapò:

Objektif koleksyon enfòmasyon sa a se pou FNS la ka verifye ke fanmi ki nan pwogram SNAP yo gen aksè a benefis yo lè kat ak chip yo finn distribye. Enfòmasyon sou revandè endividyèl yo pa pral distribye piblikman ni afiche nan okenn fason, men yo ka pataje ak Eta yo k ap travay pou aplikasyon pwogram nan.

### Resous yo

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite:

- Kesyon yo Poze Souvan (FAQ) sou SNAP EBT nan Sant Asistans Teknik Modènizasyon (SEMTAC): <https://www.nationalgrocers.org/semtac/general-information-and-faq/>
- Resous Teknik sou Kat SNAP EBT: <https://www.fns.usda.gov/snap/ebt/modernization/chip-resources>
- Modènizasyon SNAP EBT: <https://www.fns.usda.gov/snap/ebt/modernization>

## Fè tande vwa ou nan lavni modènizasyon EBT a lè ou antre nan Fowòm Endistri Kat EBT USDA a!

- Fowòm endistri sa a pèmèt gwoup ki asosye ak emisyon, pwosis, ak redanmsyon benefis SNAP USDA yo diskite sou pwoblèm ki gen rapò ak amelyorasyon kat SNAP EBT pou kat ak chip, ansanm ak mizajou ki asosye ak peman NFC mobil, SNAP pou Achte sou Entènèt, ak Pwogram Ankourajman Manje Sante Elektwonik SNAP (eHIP).
- Manm yo gen ladan USDA, Ajans Leta yo, Revandè, Pwosesè Kat, ak lòt antite.
- Si ou enterese pou patisipe, tanpri soumèt yon demann sou sit entènèt sa a: <https://x9.org/usda-ebt-card-industry-forum/>